**दिन–मंगलवार** **दिनांक–30.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पेरिस ओलंपिक मे भारत निशानेबाजी मे दोसर पदक प्राप्त कयलक अछि। मनु भाकर आ सरबजोत सिंह के जोड़ी दस मीटर एयर पिस्टल मिश्रित युगल स्पर्धा मे कांस्य पदक जीतलनि अछि। मनु भाकर के पेरिस ओलंपिक मे ई दोसर पदक अछि। एकर संगहि मनु भाकर के नाम भारतीय ओलंपिक इतिहास मे दर्ज भऽ गेल अछि। निशानेबाजी मे दू कांस्य पदक प्राप्त कऽ मनु भाकर एक ओलंपिक मे सभ सँ बेसी पदक प्राप्त करऽवाली पहिल भारतीय खेलाड़ी बनि गेल छथि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू भारतक लेल दोसर कांस्य पदक जीतऽवाली मनु भाकर आ सरबजोत सिंह के जोड़ी के बधाई देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति कहलनि जे एकहि ओलंपिक मे दू मेडल जीतऽवाली पहिल भारतीय महिला निशानेबाज बनि कऽ मनु भाकर इतिहास रचलनि अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन बधाई संदेश मे कहलनि अछि जे पेरिस ओलंपिक मे भारतीय खेलाड़ी सभक प्रदर्शन सँ देश गौरवान्वित भऽ रहल अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आ गणमान्य लोकनि सेहो भारतीय निशानाबाज लोकनि के शुभाकामना देलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे देशक सकल घरेलू उत्पाद जीडीपी आठ प्रतिशत के दर सँ बढ़ि रहल अछि आ आब ओ दिन दूर नहि अछि जखन ई वैश्विक स्तर पर तेसर सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनि जायत। श्री मोदी आई नव दिल्ली मे भारतीय उद्योग परिसंघ –सीआईआई द्वारा आयोजित सम्मेलनक उद्घाटन सत्र के संबोधित कऽ रहल छलाह। ''विकसित भारत की ओर यात्रा '' नामक एहि सम्मेलन मे श्री मोदी कहलनि जे महामारी सँ जूझलाक बादो भारत नव ऊँचाई पर पहुँचि गेल अछि। ओ कहलनि जे सरकार हरेक क्षेत्र पर ध्यान केन्द्रित कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार जाहि गति सँ

आधारभूत संरचना के निर्माण कऽ रहल अछि ओ अभूतपूर्व अछि। श्री मोदी कहलनि जे वर्ष दू हजार चारि मे यूपीए सरकार पहिल बजट मे पूंजीगत व्यय लगभग नब्बे हजार करोड़ टाका छल जे बढ़ि कऽ एखन दू लाख करोड़ टाका भऽ गेल अछि। ओ कहलनि जे बजट के आकार आब तीन गुणा बढ़ि कऽ अड़तालीस लाख करोड़ टाका भऽ गेल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे प्राकृतिक खेत करऽबला किसान लोकनि के सरकार सब्सिडी देबा पर विचार कऽ रहल अछि। लोकसभा मे आई एक प्रश्नक उत्तर दैत श्री चौहान कहलनि जे सरकार किसान लोकनि के सब संभव मददि के लेल प्रतिबद्ध अछि आ एहि दिशा मे सभ आवश्यक डेग उठाओल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे किसान लोकनिक सहायताक लेल सत्तरि लाख हेक्टेयर नव कृषि भूमि के प्रधानमंत्री सूक्ष्म सिंचाई योजनाक अंतर्गत आनल गेल अछि।

———————————————————————

भारतीय जनता पार्टी पश्चिम चंपारण संसदीय क्षेत्र सँ डॉक्टर संजय जायसवाल के लोकसभा मे पार्टी के मुख्य सचेतक बनौलक अछि। एकर संगहि दरभंगा के सांसद गोपाल जी ठाकुर के सोलह सचेतक के सूची मे सम्मिलित कयल गेल अछि। पार्टी विज्ञप्ति जारी कऽ ई जनतब देलक अछि।

———————————————————————

बिहार लोकसेवा आयोग अभ्यर्थी लोकनि के शिक्षक भर्ती परीक्षा मे सफल करेबाक नाम पर उगाही करऽबला गिरोह सँ सचेत रहबाक लेल कहलक अछि। आयोग आई एहि संबंध मे चेतावनी जारी कयलक अछि। जाहि मे कहल गेल अछि जे ऐहेन कोनहुँ प्रयास मे सम्मिलित लोक सभ पर कानूनी कार्रवाई कयल जायत। आयोग फ्रॉड कॉल के जनतब देबाक लेल फोन नंबर आठ नओ आठ छओ चारि दू दू दू नओ छओ जारी कयलक अछि।

———————————————————————

पूरा प्रदेश मे दक्षिण पश्चिम मॉनसूनक गतिविधि कमजोर रहबाक कारण राज्यक दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे किछु स्थान के छोड़ि कऽ बेसी ठाम मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे सभ सँ बेसी अड़तालीस दशमलव आठ मीलीमीटर वर्षा नवादा के हिसुआ मे दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिन के दरमियान प्रदेशक बेसीतर

भाग मे तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि भऽ सकैत अछि। एम्हर, विभाग राज्यक दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–पूर्व आ उत्तर–पश्चिम भाग सभ मे अगिला दू दिनक भीतर कतेको ठाम मेघ गर्जना के संग ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयलक अछि।

———————————————————————

अररिया जिला मे फराक–फराक ठाम पर डूबि जयबाक घटना मे एक गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि एक आन व्यक्ति लापता जनाओल जा रहल छथि। ओतहि, मुंगेर जिला मे बबुआ गंगा घाट पर स्नान करबाक दरमियान दू किशोर डूबि गेलाह। गोताखोर आ एनडीआरएफ के टीम दुनू किशोरक खोजबीन मे लागल अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर रेलमंडलक हरिनगर – भैरोगंज के मध्य नव निर्मित दोहरीकरणक कार्य पूरा कऽ लेल गेल अछि। काल्हि एहि रेलखंड पर स्पीड ट्रायल कयल जायत। मंडल रेल प्रबंधक विनय श्रीवास्तव जनौलनि जे सुगौली–बाल्मीकिनगर दोहरीकरण परियोजनाक काम सफलतापूर्वक पूरा भऽ गेल अछि।

जमुई के जिलाधिकारी राकेश कुमार बरहट प्रखंड कार्यालय मे पदस्थापित कर्मी संतोष कुमार के रिश्वतक टाकाक संग गिरफ्तार करौलनि अछि। जिलाधिकारी के जन्म प्रमाण–पत्र बनबेबाक लेल आरोपी द्वारा रिश्वत के मांग करबाक शिकायत भेटल छल।

भाजपाक भागलपुर जिला इकाई के कार्य समितिक बैसक आई नाथनगर के उत्सव भवन मे आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे श्रम संसाधन मंत्री आ जिलाक प्रभारी मंत्री संतोष कुमार सिंह सम्मिलित भेलाह।

बेगूसराय के बरौनी रेलवे स्टेशन पर कमलापति एक्सप्रेसक एक डिब्बा सँ भारी मात्रा मे गांजा बरामद कलय गेल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।